ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№1 (21.409) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 12, блыщхьэ ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Гулъытэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сыт Президентым ухуэзэну щІэгуапэр?

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щрагъэкІуэкІащ класс иохъыжьхъэм щеджэхэм папщІэ илъэсыщІэ гуфІэгъуэ. Абы еджэным кьыхэжаныкІа ныбжьыщІи 120-рэ ирагъэблэгъат, дунейпсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм, спорт зэхьоэхуэхэм щытекІуауэ.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭМ Іэнэгъэщ!эрэщІа хуауХуащ. Псори пэпльэрт республикэм и Іэтащхьэм икІи куэдрэ екьажьым - КъБР-м и Президентыр ныбжьыщІэхэм яхьыхащ и щхьэгъусэ ФатІимэрэ илъэсих зи ныбжь и кьуэ Альбертрэ я гъуэгу.

Кьыхэхуэсахэм защьхуиГъэзэм Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр республикэм и кьэкІуэну зэрыщытыр. «Фэ гупсысэщІэхэм дыхуэфащэну, кьаруущІэ кьытхэфЛхьэну дыфщогугъ. А псори щІэгъэкъуэн хуэхъунущ экономикэр ефІэкІуэным, щэнхабзэмрэ щІэныгъэмрэ заужьыным. Дэ езыхэм ди кьалэнщ тхуэзэфІэкІ псомкІи дывдэІэпыкъуну, - жиІащ Президентым. Абы ягу кьиГъэжІыжащ КъБР-м и экономикэм ІэщІагъэлІкІэр хуэзэгъэхьэзырыныжкІэ президент программэ зэрыщыІэр. Абы ипкъ иткІэ илъэс кьэс щыхуи 100-м щигъу Урысей, дунейпсо бизнес-центр нэхъыфІхэм щоджэ. Апхуэдэ мурадым хуагъэпсащ «КъэбэрдейБалъкъэрым и щІалэгъуалэ» программэри. Жьыджэру Парламентым щолажьэ ЩІалэгъуалэ палатэр, ныбжьыщІэ правительствэ кьыхэрагъэпэщ, КъБР-м и Президентым и стипендие яГъэуВащ. ЕхъулІэныгъэщІэхэр кьэфхьыну сыныВохъуэхъу, абы папщІэ фэ Іэмал псори фиІэщ».

Дауи, Президентым сыт щыгъуи ухуэзэну гуапэщ. Президентым зы упщІи жьэупыныщэ кьигъэнакъым. Ныбжьыщ!эхэр игъэпІейтейрт дунейпсо кризисым кьиШэнкІэ хъунухэм. Президентым абыхэм яГуэр фІы ищІащ: «Кризисым нЖьу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщІихунур куэдкІэ нэхъ мащІэщ адрей щІыналъэ Іэджэми еЛытауэ: иужьрей илъэсищым республикэм и бюджетым хуэди 3-кІэ зиІэтащ, ди щІыхуэхэр ттыжащ. Абы кьыдэкІуэу кризисхэм я зэманыр текІуэныгъэхэр кьыщыхъ лъэхъэнэуи щытщ. ПщІэ щІату, пщІэнщэу зрагъэгъуэт щІэныгъэм я зэхуищытыкІэр сыт хуэдэну? А упщІэм и жэуапу Президентым жиІащ: «Зэманым кьигъэтьэгуэнщ. ПщІэ щІату зрагъэгъуэт щІэныгъэм кьикІыркъым ар фІагъ зыхэлъ щІэныгъэу. Мыбдеж куэд щелъытащ егъэджакІуэм и ІэщІагъэм зэрыхищыкІым. Цыхухэм я псэукІэр иджыри зэрыщытым хуейм хуэдэу щемыфІэкІуа мы зэманым егъэджэныгъэ ІэнатІэр ахъшэм хуэбгьакІуэ хъунукъым».

ФщІэн папщІэ: 2008 гъэм «Егъэджэныгъэ» гъэпкъ проектым ипкъ иткІэ УФ-м и Президентым и саугьэтхэр кьратащ цыху 33-м. Цыху 11-м хуагъэфэщащ акьылыфІэ ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэныжкІэ саугьэтхэр. Илъэсым тІэунейрэ студент, аспирант 30-м КъБР-м и Президентым и стипендиехэр хуагъэув.

ХьэПЭ Мариндж,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ!апІэм и лэжьакІуэ.

●КъБР-м и Правительствэм

Нэхъыщхьэр ди лэжьэкІэр къэдмыгъэлэлэнырщ

Блэкіа гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм екъулІэныгъэ хьарзынэхэр зыІэригъэхьащ. Ар КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен щыжиІащ илъэсым кьрикІуахэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэжІа зэІущІэм.

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркІэ, республикэм и Іэтащхьэм щэч кьызьитумыхьэн екъулІэныгъэшхуэу кьилыптащ КъБР-м дотацэу кьрамеуу!Бышдыжьрыхуар. Ар процент 56-рэ хьуащ, 2005 гъэм зэрыщыта процент 72-м и пІэкІэ. Иджы япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэкІащ Урысейм дотацэшхуэ зыхуиутІыпщ щыналъэхэм.

Зы илъэсым республикэм и бюджет зэщІэгъэуІуар хуэдэ 1,4-м нэскІэ хэхуащ икІи сом мелард 20,6-рэ хьуащ. Республикэ бюджетым ахьшэ зэрыІэрыхьэ псынщІагъэмкІэ КъБР-р ЮФО-м и щыналъэ псоми япэ итщ. Абы илъэс кьэс ику иту процент 30-кІэ хохьуэ.

2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэ хуэдэ щекІуэкІащ - хьэзыр ящІащ Іуэхущ!апІэ зэмылІэужьыгъуэу 40-м нэблагъэ. 2008 гъэм ухуэныгъэхэм кІэрыхуакъым - процентэ 119-кІэ зэфІагъэкІащ. А бжыгъэр ЮФО-м щынэхьыфІ дыдэхэм ящыщщ. Илъэсым Іуэхущ!апІэ зэмылІэужьыгъуэу 54-рэ ящІащ. Абыхэм яхэтщ школхэр, Щэнхабзэмкі Іэ унэхэр, псы бжьамий кІуап!эхэр, спортым зыщыкъуагъасэ, зыщрагъэІэзэ центрхэр, медицинэ Іуэхущ!апІэхэр, члисэ, мэжджытхэр.

Гъэгуухуэ ІэнатІэмэ лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ. Зы илъэсым мыбдеж сом мелард 1,6-рэ кьыщагъэІурыщІащ, ар 2007 гъэм ягъ!ззэщІам нэхьрэ хуэдитІкІэ нэхьыбэщ. ЗыкьыдэтыщІэ Іэджыгъэ мащІэр дэІыгъыным егупчуащ. Бизнес щыкІум зыщІэзыгъакъуэ фонд 13, кредит зыт кооперативу 30 мэлажьэ. Абыхэм ахъшэу зэрагъакІуэ сом меluан 300-м нэблагъэ, ар ипэ ита илъэсым ельытауэ хуэди 2-м нэскІэ нэхъыбэщ.

Дызэхъыхьа илъэсым аргуэру кьеЖьэнущ зэрыдэІэпыкъу Іуэхугъэущ!э. Зи гугъу тщІыр щэсыпІэмкІэ фондырщ. Ар республикэ, федеральнэ бюджетхэм я мылькуКІэ кьызэрагъэпэщынущ. Іуэхугъуэщ!эр хуэгъэпсащ банкым щыхуэ кьеЖьэхьыну хуей, ауэ зрикьуну сакьылэт зимыІэ хьэрыфэтщ!эхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ. «Бизнес щыкІур зэрыдалыгъ нэгъэущІ Іэмалхэм дыльыхьуэнущ. Дауи, щыхуэр ямытыжьыххэу тхуэщІынукъым, - жиІащ Президентым. - Ауэ ятыжьын хуей щыхуэр мащІэ дыдэу кьыттхущІегъэдзынущ».

Кьанокъуэ Арсен министрэхэм ухуэдэщ яритащ федеральнэ министерствэхэм тэмэму ядэлэжьэну. Абы Іэмал кьаритынущ кьыкьуэкІ Іуэхуэхэр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІынмкІэ: «Сэ е Правительствэм и Унафэщ!эр мыхьуу, фэ фщыщ дэтхэнэри федеральнэ министрхэм фахуэзэфу щытын хуейщ. Абыхэм фахуэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуэну кьеВгъэблагъэ».

Дызыхьыхьа илъэсщІэм нэхьыщхьэр, абы кьыІэрилытэмкІэ, илъэсищым зрагъэгъуэта псынщІагъым дунейпсо финанс кризисым и лъэхъэнэм кІэрамыгъэхунырщ. «Яубзыхуа проектхэм ящыщ зыбжанэр щагъ!ззэщІэнур ягъэІэпхъуэн хуей хъуми, абы ящыкІырыкъым ахэр ІэщІыб ящІыну. Уеблэмэ проект хьэзырхэр сыт щыгъуи тІыгъын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Налшык промзонэ кьыщыІэ!ухынымкІэ проектыр. Абы дыхуейщ зэманыфІ дызэрихуэу ар гъэзэщІэным занщІэу яужь дихьэн папщІэ. НэгъуэщІ проектхэми теухуащ а жысІэр».

Президентым кьельытэ дылэжьэну диІэ гукъыдэжьыр кризисым кьызэпиуд мыхьуну. «Іуэхуэхэр кьыжьэдэткъуэ хьунукъым, щыныщІэу, зыдмыгъэлалэу зызэщІэдгъэуІуэн хуейщ. Арыншамэ, лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл тщІы хьун хуэдэу щІыхуэхэм кьащІыхьункІэ хъэнущ».

Мыпхуэдэ щытынкІэ щызэфІэувэ зэманым республикэм и экономикэм кьит фейдэм, лэжьыгъэм кьит хьерым хэдгъэхьуэн, дгъэхьэзыр продукцэхэм щІэупщІэ яІэн, ІэнатІэнщагъэм пыща Іуэхуэ зэфІэдгъэкІуэным хуэдэ. Кьанокъуэ Арсен зэІущІэм и кІэуным. «Дэ зыхуеину псори длэжьынущ дунейпсо финанс кризисым ижь кьыІэрытщІидхуэр нэхъ мащІэ тщІын папщІэ. Сыт хуэдэу щымытами, дэ социальнэ ахъшэу тты лІэужьыгъуэ псомкІи зыщытщыжа кьалэнэгъэ зэщІэн хуейщ. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэм кьыхэкІыу гугъуехь хэхуа псомкІи защІэдгъэкъуэным хуэгъэза Іуэху пыхьыкІаэри длэжьынущ», - кьыхигъэщащ Президентым.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

Газ бжьамийэр къызэІуахыж

Евросоюзым и унафэщІ къалэнхэр зыІэщІэлъ Чехием и премьер-министр Тополанек Мирек зэрыжиІамкІэ, Украинэм иубыда газыр Европэм и къэралхэм нобэ хуауТІыпщыжьын хуейщ.

Фызэрыщыгъуазэщи, а къэралым и щІыналъэм пхыкІ газ бжьамийкэр игъэбыдауэ, Евросоюзым хьыхэ къэрал зыбжанэм я деж Урысейм кьыщащэхуа газыр нэсыркъым. Иджы газыр ятІыпщыжьыну зэгурыІуащ Чехием и премьер-министрэ Украинэм и премьер-министр Тимошенкэ Юлиерэ. Абыхэм Іэ зыщІадза зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, кьызэрагъэпэщ Урысейм и газыр Украинэм и щІыналъэм зэрыпхыкІ щыкІэм кІэлъыплъыну дунейпсо комиссэ.

ДыгъуасэТаполанек Мирекрэ Урысейм и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимирэ Москва щызэзІущащ. Путиным хьэщІэр кьигъэгуГащ дунейпсо комиссэм лжьэн щІэдзэмэ, Урысейм и газ бжьамийкэр кьызэІуихыжьну.

Европэр къызэроІэт

Палестинэм щекІуэкІ зауэр зэтетІэувыІэн хуейуэ кьаГъэуву Европэм хьыхь къэралхэм я кьалащьхэхэм щыхуу мин бжыгъэхэр щызэхуэсащ.

Париж и уэрамхэм кьыдыхьа цІыху мин 30-р зэтрагъащ полицэм и лэжьакІуэ мини 4-м - ахэр хьэзырт, хабзэ зэрахуэхъуІуэу, уэрамым тет автомашинэхэм мафІэ щІадзэну. Мы зэм Іуэхур зэфІэкІащ Израиилым и бюракъэхэр зэрагъэсамкІэ.

Норвегием и полицэмрэ цІыхухэмрэ зэззэщащ. Израилым и посольствэр зэхуэсахэм яубыдыну щыхуежьэм. Полицэм яубыдащ цІыхуи 130-м щигъу.

Германием щекІуэкІа демонстрацэхэм хэта цІыху бжыгъэр апхуэдизкІэ куэдти, кІэуихышэ пфІэщІыРт. Зэхуэсахэр вакъэкІэ еуэрт Израилымрэ США-мрэ я къэрал унафэщІхэм я суратхэм.

Лондон щызэхуэса цІыхухэм я бжыгъэр зэхуэмыдэурэ кьагъэльэгъуэ - мин 12-м щыщІэдзауэ мини 100-м нэс. ИкІи апхуэдэу цІыху куэд зыхэта демонстрацэхэр щекІуэкІащ Афины, Будапешт, нэгъуэщІ кьалэ куэдым.

А демонстрацэхэр щІэх зэтеувыІэну фІэщІ щыгъуейщ, сыту жыпІэмэ Израилым Палестинэм щригъэкІуэкІ зауэр нэхъ щІегъэхуабжьэ, нэхъ гуащІэгъуэщІэ ещІри. Абы и зауэлІхэр епльыкьым Жор Плъыжьми ООН-м и лэжьакІуэхэми - псори зэтраукІэ. «Евроныюс» телеканалым дыгъуасэ къызэрытамкІэ, зи анэхэр яуКІа, хьадэхэм бгъэдэлъу псы щхьэкІэ лІэ сабиилплым Жор Плъыжьым и лэжьакІуэхэр бгъэдагъэхьакъым метрищкІэ фІэкІа япэмыжьжьэу абыхэм ябгъэдэта сэлэтхэм. ИкІи езы сэлэтхэри зи псэр хьэпІэхэмрэ зыхуей хуагъаз. Лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ. Зы илъэсым мыбдеж сом мелард 1,6-рэ кьыщагъэІурыщІащ, ар 2007 гъэм ягъ!ззэщІам нэхьрэ хуэдитІкІэ нэхьыбэщ. ЗыкьыдэтыщІэ Іэджыгъэ мащІэр дэІыгъыным егупчуащ. Бизнес щыкІум зыщІэзыгъакъуэ фонд 13, кредит зыт кооперативу 30 мэлажьэ. Абыхэм ахъшэу зэрагъакІуэ сом меluан 300-м нэблагъэ, ар ипэ ита илъэсым ельытауэ хуэди 2-м нэскІэ нэхъыбэщ.

Дызэхъыхьа илъэсым аргуэру кьеЖьэнущ зэрыдэІэпыкъу Іуэхугъэущ!э. Зи гугъу тщІыр щэсыпІэмкІэ фондырщ. Ар республикэ, федеральнэ бюджетхэм я мылькуКІэ кьызэрагъэпэщынущ. Іуэхугъуэщ!эр хуэгъэпсащ банкым щыхуэ кьеЖьэхьыну хуей, ауэ зрикьуну сакьылэт зимыІэ хьэрыфэтщ!эхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ. «Бизнес щыкІур зэрыдалыгъ нэгъэущІ Іэмалхэм дыльыхьуэнущ. Дауи, щыхуэр ямытыжьыххэу тхуэщІынукъым, - жиІащ Президентым. - Ауэ ятыжьын хуей щыхуэр мащІэ дыдэу кьыттхущІегъэдзынущ».

Кьанокъуэ Арсен министрэхэм ухуэдэщ яритащ федеральнэ министерствэхэм тэмэму ядэлэжьэну. Абы Іэмал кьаритынущ кьыкьуэкІ Іуэхуэхэр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІынмкІэ: «Сэ е Правительствэм и УнафэщІэр мыхьуу, фэ фщыщ дэтхэнэри федеральнэ министрхэм фахуэзэфу щытын хуейщ. Абыхэм фахуэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуэну кьеВгъэблагъэ».

Дызыхьыхьа илъэсщІэм нэхьыщхьэр, абы кьыІэрилытэмкІэ, илъэсищым зрагъэгъуэта псынщІагъым дунейпсо финанс кризисым и лъэхъэнэм кІэрамыгъэхунырщ. «Яубзыхуа проектхэм ящыщ зыбжанэр щагъ!ззэщІэнур ягъэІэпхъуэн хуей хъуми, абы ящыкІырыкъым ахэр ІэщІыб ящІыну. Уеблэмэ проект хьэзырхэр сыт щыгъуи тІыгъын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Налшык промзонэ кьыщыІэ!ухынымкІэ проектыр. Абы дыхуейщ зэманыфІ дызэрихуэу ар гъэзэщІэным занщІэу яужь дихьэн папщІэ. НэгъуэщІ проектхэми теухуащ а жысІэр».

Президентым кьельытэ дылэжьэну диІэ гукъыдэжьыр кризисым кьызэпиуд мыхьуну. «Іуэхуэхэр кьыжьэдэткъуэ хьунукъым, зыдмыгъэлалэу зызэщІэдгъэуІуэн хуейщ. Арыншамэ, лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл тщІы хьун хуэдэу щІыхуэхэм кьащІыхьункІэ хъэнущ».

Мыпхуэдэ щытынкІэ щызэфІэувэ зэманым республикэм и экономикэм кьит фейдэм, лэжьыгъэм кьит хьерым хэдгъэхьуэн, дгъэхьэзыр продукцэхэм щІэупщІэ яІэн, ІэнатІэнщагъэм пыща Іуэхуэ зэфІэдгъэкІуэным хуэдэ. Кьанокъуэ Арсен зэІущІэм и кІэуным. «Дэ зыхуеину псори длэжьынущ дунейпсо финанс кризисым ижь кьыІэрытщІидхуэр нэхъ мащІэ тщІын папщІэ. Сыт хуэдэу щымытами, дэ социальнэ ахъшэу тты лІэужьыгъуэ псомкІи зыщытщыжа кьалэнэгъэ зэщІэн хуейщ. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэм кьыхэкІыу гугъуехь хэхуа псомкІи защІэдгъэкъуэным хуэгъэза Іуэху пыхьыкІаэри длэжьынущ», - кьыхигъэщащ Президентым.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

● Налшык и щІыпІэхэр

Хадэр нэхъ дахэж мэхъу

Ди щІыналъэм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ ХьэтІохъущокъуэм и хадэр. ЗэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэм абы хуэфащэ гулъытэ имыгъуэту щытаци, нужьрей ныдэсит!ущ, ауэ зи фІыгъэр ди щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныр, ди щІыналъэр нэхъ екІу щІыныр зи мурад нэхъыщхьэу щыт республикэ унафэщІхэрщ.

ГЕКТАР 68-рэ хъу хадэшхуэм кьэкІыгъэ Іэуэжьыгъуэу 150-м щІигъу кьыщокІ. Абыхэм яхэтщ нэгъуэщІ щІыналъэхэм, къэралхэм хэрашу мыбы щагъэтІысахэр. Паркыр махуэ кьэс иофІакІуэ. Абы и лъэс лъагъуэхэм пличткэ ираЛъхьащ, тетІысхьэпІэ дахэхэр, уэздыгъэ щІыкІуэхэр кьащхьэщІытУ, гъуэгубгъуэхэм щагъэуващ. КъэкІуэгъэ зэхуэмыдэхэм я дахагъым удихьэхауэ паркыр куэдрэ кьызэхэпІкІухьа - тІыси бзуэхэм я уэрэдым щІэдэІу, зыбгъэпсэхужрэ.

Бзиику дахэхэр екІуу щегъэкІэкІа лъагъуэхэр лъакъуэрыгъажкІэ кьыщыбжьыхь хъун хуэдэу кьызэрагъэпэщащ. Уэс щытелъ лъэхъэнэм абы кьыщыбжьыхьыну нэхъ гугъущ, ауэ гъэм и адрей зэманхэм лъакъуэрыгъажкІэ «шэса» щІалэгъуалэр щыкуэдщ хадэм.

ЩІымахуэм ХьэтІохъущокъуэм и хадэр нэхъ щым мэхъу. Ауэ щІыуэпсыр фІыуэ зыльагъу кьалэдэсхэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ иджыри щыболъагъу абы и лъагъуэхэм. Уэсым щІигъэна жыгхэм яГуэта тепльэ уардэм дихьэхэхэр мащІэкъым. Псэущхьэхэр фІыуэ зыльагъуэ хэр хадэм кьинна кьуалэбзу зырызхэм якІэлъоплъ, ягъашхэ. Абыхэм я нэгу кьыщІидзэнкІэ мэхъу абы ис псэущхьэхэм щІымахуэр зэрырахьэкІри.

БЭЛЭТОКЪУЭ Хужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къарал Іуэхущ!апІэхэр зэхуэщІыкыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29 **№304-ПП**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствомрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и министерствэм и унафэ щІэт «Аурсэнтх», «Хеймащ», «ШЭрэдж» къэрал Іуэхущ!апІэхэр зэхуэщІыжьин

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствомрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и министерствэм (Ерчэн Т.Хьу.) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІымрэ унафэ яхуэщІыныжьмкІэ и министерствэр и Іуэсу мы унафэм и я1э Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа къэрал Іуэхущ!апІэхэр зэхуэщІыжьыным екъулІауэ ялэжьыпхъэ юридическэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІын хуейщ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькумрэ щІымрэ унафэ яхуэщІыныжьмкІэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) ягъэува хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькуу мы унафэм и я1э Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхущ!апІэхэр зэхуащІыжьхэм ейхэр зехьэным и Іуэхуэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ветеринар Іуэхущ!апІэ» республикэ къэрал Іуэхущ!апІэм и щІэ дилъхьжьын хуейщ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкі э и министерствэм (Бышэн А.А.) кьызэригъэпэщын хуейщ мы унафэм кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыным текІуэдэну ахъшэр яхуиутІыпщынкІэ.

5. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къарал Іуэхущ!апІэхэр зэхъуэкІныным и Іуэхукі» 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкІа Унафэ №281-ПП-м кьару имыІэжу кьыльытэн.

6. МыУнафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и щІэ дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и я1э къуэдэ ТхьэзэпІльыж М.ТІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей.

Илъэсыщ!э махуэшхуэм ирихьэлІэу республикэм и хьэрычтыщІэхэм ящыщхэм зыщІагъэкъуащ дэІэпыкъуегъу хуэныкъуэ сабийхэм. Къаршэмэ, дыгъэгъазэм и 29-м псапащІэ Іуэху щрагъэкІуэкІащ бахъсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновкэ къуажэм дэт, сабий лечебницэмрэ щІэныгъэм и кІэ щІэмыту кьэнахмрэ щапІ еджапІэ-интернатым.

ЯПЭ дыдэу апхуэдэ Іуэху мы интернатым ГьатхэкІуам щрагъэкІуэкІауэ щытащ УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и жэрдэмкІэ. А щапхъэм пащащ республикэм и Правительствэм, Урысей МЧС-м и Къэрал Управленэу КъБР-м щыІэм, Бахъсэн район администрацэм, «Зыуэ щыт Урысей» партым и республикэ къудамэм. Управленэм кьыхихьха зэрэлэмым иджы кьыпІэджэжахэм яхэтщ Бахъсэн районым щыщ хьэрычэтыщІэхэр.

Дэтхэнэ зыми

ЕджапІэ-интернатым сабий 58-рэ щыІэщ, илъэсиІ 4 ныбжьым щыщІэдзауэ 18-м нэсу. Нэхъыбэу ахэр къызыхэкІар унагъуэ мыхъумыщІэхэщ, къызэралъхуурэ ныкъуэдыкъуэхэри яхэтщ. Арацэ а цІыкІуэхэм ИлъэсыщІэр кьыщрагъэхьэр я унагъуэркъым, атІэ интернатырщ.

Псапащ!эхэр егутъащ Ильэсыщ!эр ипэжьитІкІэ нэхъ хьэлэмэт, зэрыхъукІэ унагъуэ махуэщхуэ а цІыкІуэхэм яхуэщІыным. Сабийхэр нэхъапэкІэ зыщІэльэІуахэм елытауэ ягъэхьэзыращ саугьэтхэр. Дэтхэнэ зыми ІэфІыкІэхэр, зэрыдэжгъэмэсымэхэр тыгъэ хуащІащ.

БОРОВИНСКАЯ Наталье.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІэр лъапІэхэ!

Гу лъывэгъэтэну дыхуейтщ щІышылэм и 25 нуІонэр ди газетым Іэ щІэбгъэм, ар мазаем и 1-м щыщІэдзауэ нэгъэрыфхуахьынум.

Мазитхуэм газетым и уасэщ сом 297-рэ. «Адыгэ псалъэм» Іэ щытыбгъэ хъунущ республикэм и ноущ Іуэхущ!апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Псэуалъэхэр зыхуей хуагъаз

«ПсэупІэ кхъахэ» федерал программэм ипкъ иткІэ Нарткъалэ щолажь жьы хьуа псэуалъэхэр зыхуей хуагъэзэным.

ЗыГЬЭПСЭХУГЪУЭ маХуи ямыІэу лэжьыгъэр кьезыхьэлІэ «Авангард», «Урванстрой» ООО-хэм мы зэманым ирихьэлІэу зэрагъэпэщыжьащ Іэшнокъуэм и цІэр зезыхьэ уэрамымрэ «Консерв завод» жьыпІэмрэ дэт псэуалъэжьхэр. Куэд мыщІэ хьэзыр хьунущ иджыри уни 7. Абыхэм я унащхьэхэр, бжэ-щхьэгъэубгъэхэр зэрахъуэкІ, ІупльапІэхэрэ щыхьэпІэхэмрэ зыхуей хуагъаз. Лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ. Зы илъэсым мыбдеж сом мелард 1,6-рэ кьыщагъэІурыщІащ, ар 2007 гъэм ягъ!ззэщІам нэхьрэ хуэдитІкІэ нэхьыбэщ. ЗыкьыдэтыщІэ Іэджыгъэ мащІэр дэІыгъыным егупчуащ. Бизнес щыкІум зыщІэзыгъакъуэ фонд 13, кредит зыт кооперативу 30 мэлажьэ. Абыхэм ахъшэу зэрагъакІуэ сом меluан 300-м нэблагъэ, ар ипэ ита илъэсым ельытауэ хуэди 2-м нэскІэ нэхъыбэщ.

Дызэхъыхьа илъэсым аргуэру кьеЖьэнущ зэрыдэІэпыкъу Іуэхугъэущ!э. Зи гугъу тщІыр щэсыпІэмкІэ фондырщ. Ар республикэ, федеральнэ бюджетхэм я мылькуКІэ кьызэрагъэпэщынущ. Іуэхугъуэщ!эр хуэгъэпсащ банкым щыхуэ кьеЖьэхьыну хуей, ауэ зрикьуну сакьылэт зимыІэ хьэрыфэтщ!эхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ. «Бизнес щыкІур зэрыдалыгъ нэгъэущІ Іэмалхэм дыльыхьуэнущ. Дауи, щыхуэр ямытыжьыххэу тхуэщІынукъым, - жиІащ Президентым. - Ауэ ятыжьын хуей щыхуэр мащІэ дыдэу кьыттхущІегъэдзынущ».

Кьанокъуэ Арсен министрэхэм ухуэдэщ яритащ федеральнэ министерствэхэм тэмэму ядэлэжьэну. Абы Іэмал кьаритынущ кьыкьуэкІ Іуэхуэхэр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІынмкІэ: «Сэ е Правительствэм и УнафэщІэр мыхьуу, фэ фщыщ дэтхэнэри федеральнэ министрхэм фахуэзэфу щытын хуейщ. Абыхэм фахуэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуэну кьеВгъэблагъэ».

Дызыхьыхьа илъэсщІэм нэхьыщхьэр, абы кьыІэрилытэмкІэ, илъэсищым зрагъэгъуэта псынщІагъым дунейпсо финанс кризисым и лъэхъэнэм кІэрамыгъэхунырщ. «Яубзыхуа проектхэм ящыщ зыбжанэр щагъ!ззэщІэнур ягъэІэпхъуэн хуей хъуми, абы ящыкІырыкъым ахэр ІэщІыб ящІыну. Уеблэмэ проект хьэзырхэр сыт щыгъуи тІыгъын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Налшык промзонэ кьыщыІэ!ухынымкІэ проектыр. Абы дыхуейщ зэманыфІ дызэрихуэу ар гъэзэщІэным занщІэу яужь дихьэн папщІэ. НэгъуэщІ проектхэми теухуащ а жысІэр».

Президентым кьельытэ дылэжьэну диІэ гукъыдэжьыр кризисым кьызэпиуд мыхьуну. «Іуэхуэхэр кьыжьэдэткъуэ хьунукъым, зыдмыгъэлалэу зызэщІэдгъэуІуэн хуейщ. Арыншамэ, лэжьыгъэр Іэпэдэгъэлэл тщІы хьун хуэдэу щІыхуэхэм кьащІыхьункІэ хъэнущ».

Мыпхуэдэ щытынкІэ щызэфІэувэ зэманым республикэм и экономикэм кьит фейдэм, лэжьыгъэм кьит хьерым хэдгъэхьуэн, дгъэхьэзыр продукцэхэм щІэупщІэ яІэн, ІэнатІэнщагъэм пыща Іуэхуэ зэфІэдгъэкІуэным хуэдэ. Кьанокъуэ Арсен зэІущІэм и кІэуным. «Дэ зыхуеину псори длэжьынущ дунейпсо финанс кризисым ижь кьыІэрытщІидхуэр нэхъ мащІэ тщІын папщІэ. Сыт хуэдэу щымытами, дэ социальнэ ахъшэу тты лІэужьыгъуэ псомкІи зыщытщыжа кьалэнэгъэ зэщІэн хуейщ. Щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэм кьыхэкІыу гугъуехь хэхуа псомкІи защІэдгъэкъуэным хуэгъэза Іуэху пыхьыкІаэри длэжьынущ», - кьыхигъэщащ Президентым.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

● Аруан куей

Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ дыджщ, фом нэхърэ нэхъ ІэфІщ, джатэм нэхърэ нэхъ жанщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Анэбзэм и Іэфіыр зыхащІэмэ

● Ди псэпъэгъуэр

Щыхум игъуэт щІэныгъэм, гъэсэныгъэм я къежьапІэр, сабийм и къуэхьым зезыгъэужьыр, гупсысэфу езыгъаесэр егъэджакІуэрщ. Аэр егъэпейей побэрей щІэбзэм я дуней теплъэкІэм я адэжь щІыналъэм, анэдэлъхубзэм хуаІэ щытыкІэм. Абы теухуа и гупсысэхэмкІэ кьыддэгъуэшащ Арщыдан къуажэм дэт 3-нэ курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс 20 хъуауэ щезыгъаджэ Арахъэ Валентинэ.

- **Дэтхэнэ зы щыхуэм Іэщіагъэ кьыщыхихкІэ, зыгуэр щапхъэ е чэнджэщэгъу хуэкъу. Валентинэ, уэ хэт гъуэзэу уІыар?**

- ЕгъэджакІуэ Іэщіагъэр кьыщыхэсхам и щхьэусыгъуэ нэхьыщхьэр си анэдэлъхубзэмрэ сабийхэмрэ яхуэІэ лъагъунымгъэщІар. Бзэм и Іэфіагъыр зыхыдэзыгъэщІар си анэращ. Ди унагъуэм сыт щыгъуи «Адыгэ псалъэ» газетыр кьыІэрыхьэрти, абы кьыІтехуэ тхыгъэхэм дж анэр кьыІтхуеджэрт. Нэхъ дыкьыздэкІуэтеяі нуэкьІэ, дэри газетым дыкьедэхэурэ зыхэтщІащ кьыддалъхуа бзэм и дахагъымрэ и шэрыуагъымрэ. Апхуэдэу сэ сиІащ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэфі, щІыху Іуф Тхьэкъуахъуэ Хуэхыагъэ.

ГъащІэ гъуэз пщІыну Іэщіагъэр фІыуэ егупсысауэ кьыхэкІи хуейуэ кьызолтыгъэ сэ. Псом хуэдэжкъым ар егъэдэжныгъэгъэсныгъэ Іэнатіэм пыщІамэ. Сабийхэр фІыуэ умыльагъымэ, кьыхэпха Іэщіагъэм удимыльхьахэмэ, гугъуищ егъэджакІуэу, щІэблэм я гъэсакІуэу уІэжьыну. Сэ сызыпІэрти Іэнатіэр гуэр псэкІэ кьыхэсхащи, сыщыхущІегъуэжа кьэхъуакьым.

Иджырей сабийхэм бзэм и Іэфіыр зыхебгъэщІыну, ар уи Іэмащу хэкуиску бгъэсэну тыншкьым. А Іуэхугъуэхэр сыт хуэдэу кьохьуІэрэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар зэрыгугъур пэжщ. Иджыпсту, технологие пэрытхэм я зэманым, компьютерыр тепщэ щыхьуам, гугъущ ныбжьыщІэхэр литературэм, анэбзэм дебгъакьыху, абы и Іэфіыр зыхебгъэщІыну. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ хамэ кьэралыбзэхэр ди гъащІэм пъэ быдэкІэ кьыхэзрыкьыхьэри. Ауэ абыкІэ зыбгъэхэхуэжу утІысьхь хъунькьым. Сыт хуэдэу мыхьуами, сабийм кьыдалъхуа и бзэр кьыІурпІч хъунькьым. Абы папщІэ псом янэ игъэщІи хуейщ щыхуэр зэрыгупсысэ, кьыдалъхуаэ кьыдэзэгугъэкІуэ бзэр, а бзэмкІэ тха литературэр. Дэ тхуэзэфІэкІ кьэдмыгІаназ абы долэжь. Абы и ІыэныкъуэкІэ Іуэрыіуатэм, хабзэм, тхыдэм теухуа классщІэ Іэжьыгъэзэр щІэхь-щІэхьыр-рэ идогъэкІуэкІ. Аэр сэбэн мэхъу сабийхэм я бзэм зегъэужьыныжмкІэ, щІэныгъэ егъэгъуэтыныжмкІэ, едгъэщІар кьедгъэщІытэжьныжмкІэ.

Псомэ зэрыгупсыщи, щІэныгъэ етыным кьыдэкІуэу, егъэджакІуэхэм ди кьалэнищ мыкъэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ гъэжьыгъэ - сабийхэр дгъэсэну. Литературэ урокхэм щыддж хуэдэ жесственнэ тхыгъэ хэм кьыхэзэ лЫуЫужьхэм яхэль хьэл-щэн нэхъыфІхэм гупытэ хуэозэщІ, образхэр щыІэпкърытхІэ. Аэр сэбэн мэхъу сабийхэм я хьэлым фІы и лъэныкъуэкІэ зихуэжьынымкІэ. Абыхэм ядэплъейхэр, аэр щапхъэ зыхуэхъуэр нэхъыбэщ: еджакІуэ щІыкІуэхэр хэтщ хьэл-щэнфІ зыхэлъ лЫыхьжь нэхъыщцхэм зрагъэщцхьыну.

- Валентинэ, дэтхэнэ адыгэми и къаІэщІ и лъэныкъ хабзэмрэ тхыдэмрэ ищІэну. А нсори дерсым щызэхуэхъуэна хъун папщІэ, ар сыт хуэдэу кьыззгъэпэщыпхъэ?

- Ижь-ижьыж ІыкІэндэрэ ди лъэныкьи кьыздэгъуэгурыкІуэ хабзэм гупытэта хуэщІыныр, ныбжьыщІэхэм лъэпкъ тхыдэр егъэджныныр (литературэрэм и Іемалхэр щІэгъэкъуэн тщІыуэрэ), Іэмал зимыІэ Іуэхущ. Сэ псом янэ итын хуейуэ кьэсхьытэр щІыхуэм хэль гъэсэныгъэрщ. Ди хабзэхэм тету сабийр кьэбгъэтэджкІэ, си гугъэщ апхуэдэм адыгэ лъэпкъыр имыгъэкІытэну. Аэр кьэзыолтытэри, адыгэбзэ, литературэ урокхэм лъэпкъ хабзэм, тхыдэм щыщ Іыхьэхэр хэзмытьхьэу кьэзгъанэрэхьм. А мурадым худогъэлажьэ хабзэр ныкъ тэрэзу зехьэным хэгъэпса урок-зэпеуэхэр, зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэр. Апхуэдэ зэхьыхьэхэм сабийхэм я кьэухым зрегъэужь, я гупсысэр нэ хъ шэщІа ещІ. А лэжьыгъэжьмрэ кьадзкІуэу, дэ еджапІэм кьыщыхэздгъэпэщащІ «Хабзэр бзэкІэ зэрахьэркъым» зи фІэщыгъэкІэ гупжькеі. Абыкіи ди мурадщ щІэблэм адыгэ хабзэр я Іэпэгъуэ кьэдгъэтэджьну, абы щхьэж зыхуэей зэхъуэжкІыныгъэхэр химыльхьэу лъэпкъым кьыдэгъэугурыкІуэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр ди гъэсэнхэм ягурыдгъэІуэну.

- КъаІэхэм щеджэ сабийхэм кьахоіі адыгэбзэр джыныр кьиІэхъэльэкІэр. Аущхьэдэу щыІэри я бынхэм я анэдэлъхубзэр ямыщІэми хъуну кьэзыпгъгъэ адэ-анэхэри. Къуажэ школхэм апхуэдэ хьэдыгъуэдахэ кьыщыхьурэ?

- Іхьэм и фІыщІэкІэ, апхуэдэ мыхьэмыщІагъэ ди еджапІэм щызекІуэркъым. Аэр кьэмыхьэн папщІэ, егъэджакІуэхэр дадолажьэ ныбжьыщІэхэм абыхэм я адэ-анэхэм. Нэхъыжьхэм кьагуроІу зекІуэнхъу. Бзэм и пщІэр еуэхэмэ, адыгэ лъэпкъым и пщІэри нэхъ лъахъшэ зэрыхьунур. Іьэпкъыр щызыгъэІэр ар зэрыпсалъэ бзэрщ, бзэр кІуэдыжмэ, лъэпкъри кІуэдыжьынущ.

ИщхьэкІэ зи гугъу щыпщІэ Іуэху мыщхьэпэмкІэ кьуаншэу кьэсслъытэр адэ-анэращ. Зи бзэкІэ кууэ мыгупсысэф сабийр нэгъэущІыбзэкІи гупсысэфынукъым, и акьылми тыншу зыпхуеГъэужьынукъым. Ар нэсу кьагурыІуэн хуейщ адэ-анэхэм.

Мыбдежьым кьыжьыІапхъэщ еджапІэхэм я унафэщІхэми куэд зэрельытар. Анэдэлъхубзэм хуэхах сыхьэт бжьытъм кІэрызыуэдыну хэт унафэщІ куэд щыІэщ. Сабийми адэ-анэми ятьаГу икІи зыхащІэ анэдэлъхубзэр джыным школхэм щрат гуЛыетэр. ИкІи а яльагъум ельытауэщ бзэр джыным ящхь зэриІэр. Тхьэм и шыкуркІэ, абы и лъэныкъуэкІэ гукъуеуэ кьыдитыркъым ди школым и унафэщІ Гьуо Лидэ. Хэкупсэу щыт а цІыху щэджащэм кьыгуроІуэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм и дежкІэ анэдэлъхубзэм иІэ мыхьэнэм и инагъыр.

- Уису, Валентинэ. Уи ІэщІагъэм и хьер пІтьагъуэу куэдрэ улэжьжьну ди гуапэщ.

Епсэльар

ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Ди Марият

● Щапхъэ

Зи гугъу фхуэсщІыну бзыльхъугъэр егъэджакІуэ нэсщ, гъэсакІуэ хьэпэмэтщ. Ар и къаруми и зэманми емыблэжу егъэджэныгъэ Іэнатіэм гурэ псэкІэ бгъэдэт, сабийхэр фІыуэ зыльагъу. Жанхъуэтекъуэ дэт курыт школым илъэс 40-м нэсауэ щылажьэ Нэхущ Марият Аэрэт и пхъурщ.

НЭХУЩЫМ и лэжьакІэм хьэлэмэт куэд хэльщ. Абы и дерс купщІафІэхэмкІэ сабийхэм щІэныгъэ куу ябгъэдилъхэ кьудеикъым, атІэ абыхэм гъэсэныгъэ дахэ яхелъхьэ, я дуней еплъыкІэм зрегъэужь, щІэблэм куэдым гу лЫатэу щытын папщІэ еуущІ. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, апхуэдэ лэжьыгъэр зы махуэкІи махуитІкІи зэфІэкІыркъым. Дунейм и къэхъуэкащІэхэр зыхащІэу, кьагурыІуэу икІи ахэр я бзэкІэ кьаІуэтэжьыфу еджакІуэхэр ебгъэсэныр зэман кІыхькІэ зыбгъэдэтын хуей кьалэныщхьэщ. А псори кьызэщІэзыубыдэр лэжьыгъэ щхьэпэ ирегъэкІуэкІыф ди егъэджакІуэм. «Акъыл зиІэр еджэнкІэ ирикъуркъым», «Еджэным кІасэ иІэкъым», «Емыджар нэфщ», «Тхылъыр щІэныгъэм и ІункІыбзэ Іуэху», «Фащэм я нэхъ дахэр укытэрщ» адыгэ псалъэжьхэр зи лэжьыгъэм и лЫабжьэ егъэджакІуэм абыхэмкІэ щэн дахэм дыхеугъасэ.

ЩІэныгъэщхэр бгъэдэльщ ди Марият. Курыт школ нэужьым абы фІы дыдэу кьиуахащ Налшык дэт педчилищэр. Абы и ужькІэ, зэрыпалажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м и филологие кьудамми и щІэныгъэм щыхигъэхьуащ. Егъэджныгъэм, гъэсэныгъэм хуэІэижь Марият и Іэнэсэнхэм я псэм и щытыкІэр, я гупсысэкъэр зыхещІэ кьыгуроІуэ, аэр хуэфащэ бзыпхъэм зэрыригъэувэным хущІокъу. ЦІыхугъэр, адыгагъэр, напэр егъэнэхъыщхьэ ди еджэджакІуэм. ЕхьулІэныгъэ щІи(эри, и мурадхэм щІыльэІэсыфри арауэ кьыщІэкІыну. Абыхэм я щІыхьэтщ езыми и Іэнэсэнхэми куей, республикэ зэхьэзэхуэхэм кьыщыхуагъэфащэу щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр.

Зи гъащІэр щІэблэр егъэджэным пыщІауэ езыхьэкІ Нэхущым еджакІуэ кьэс бгъэдыхьэкІэ щхьэкІэ зэхуэгъэгъэтыф, ар мыгъынщи. Еджэным кьыщыкІэрыхъэхэм, абы гугъу дехьэхэм щхьэхуэу ядолажьэ, Іэмал зэхуэмыдэхэр кьыгъэсэфынуэ. ЕджакІуэхэм я мызакъуэу, егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэми ядоІэпыкІу Марият, я лъэр жан ещІ, езым бгъэдэль Іэзагъэмрэ зэфІэкІыкІмкІэ ядогуашэ.

ЕгъэджакІуэм и Іэнэсыгъэм кьыпэкІэгъэ занщІэу ильагъуэныкъым - ар щызыхьэщІэр иужькІэщ: и Іэнэсэхэм зэрыпсэуфын Іэщіагъэ, щІэныгъэ зэрыщІэн, щІэныгъэм сэкъат иІэ, зыужьыныгъэкІэ адрейхэм кьакІэрыху сабий куэд исщ ди къэралым. Зи бзэкІэ зэрыпсэуфынымрэ 500-м щІигъу апхуэдэ ныбжьыщІэхэм я процент 15-р унэ-интернат хэхаухэм щопсэу, щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ирагъэужьыну. Апхуэдэхэм ящІэ хэха хуащІу. Налшыкрэ Прохладнэ къалэхэмрэ дэт унэ-интернатхэм щыІэ сабийхэм Илъэсыщ1э тыгъэкІэ яхуэгъэщІ КъБР-м Лъжэчэрий гъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэр. А интернатхэм кьыщыІэуахащ техникэ пэрыткІэ кьыізэгъэпщІа классхэр.

КЛАСС кьэс компьютерэ 8 щІэтщ. Аэр Интернетым пыщІащ. Интернатхэм я гъэсэнхэр компьютерымкІэ езыгъэджэну Іэщіагъэлъэхэм папщІэ методикэ литературэ хэхаи щыгъуэщ техникэщІэм. Интернатхэм щагъэувэ компьютерхэр абы щыІэ сабийхэм я узынщагъэмрэ зэфІэкІымрэ хуэщІауэ щытщ. А унэхэм щыпсэу сабийхэм иджы Іэмал яІэщ я ныбжьым ит адрей цІыкІухэми хуэдэу, я щІэныгъэм, зэфІэкІым, кьэухым, гупсысэм нэхьри зегъэужьыныкІэ.

УЭСМЭН Маринэ,
КъБР-м Лъжэчэрий социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

Унагъуэм и пщІэр къаІэт

● Школ хъыбархэр

Дыздэщыгъуэзэщи, 2008 гъэ УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ ягъэувауэ щытащ Унагъуэм и пльэу. А Іуэхум теухуа зэхьэзэ дахэр - унагъуэр, адэ-анэхэр, щІэблэщІэр - щагъэлъапІэ зэхьэкІ куэд щекІуэкІащ ди республикэм и Іуэхущіапіэ зэхуэмыдэхэм. Лъжьыгъэр нэхъ жьыдэру щекІуэкІаХэм ящыщщ курыт школхэр, гъэсапІэ унэхэр. Анхуэдэ зэІущІэ гуапэ иджыблагъэ щызэхтащ Бахъсэн дэт курыт школ №8-м.

МАХУЭШХУЭР адрейхэм емыщхьу кьызэгъэпщэ хъуат. Абы и хьэщІэ нэхъыщхьэр ди школым щылажьэ бзылъхугъэхэрт. А унэгуащэ ІэкІуэлъакІуэхэм, быныфІэхэм ятеухуа видеосюжетхэр гуфІэгъэуэр щекІуэкІ пэщыхуэям и экранымкІэ ягъэльагъуэр. Зэхуэсым кьекІуэлІа еджаклуэ щыкІуэхэр яфІэхъэлэмэту кІэлъыплъырт махуэ псом езыхъэм кьадэлэжьа я егъэджакІуэр ІэкІуэлъакІуэ Іуэхухэм зэрыпэлъэщым, ахэр екІуу зэрызэфІихыфым, бын гъэсэнми хуэІэижьу зэрыщыгъым. ИужькІэ ди егъэджакІуэ-унэгуащэхэр ятІонэрэ кьитащ, псалъэ дахэ куэд яжетІащ, тыгъэ щыкІуэхэри яхуэтщІащ.

Апхуэдэ бзылъхугъэхэм яхуэгъэзэа уэсэ, уэрэд куэд щыІуащ зэхуэсым. ГъащІэ гъуэгу пэжым дытезыгъэувэ, я щІэныгъэри зэфІэкІри я гъэсэнхэм кьытхэзылъхьэ ди егъэджакІуэм фІыщІэ щытхъу ІыкІуэ щыІэ. Абыхэм я щІэныгъэ щыщхэмэ, я унагъуэм щыщхэмэ.

ЗэІущІэр лъэпкъ кьафэ дахэкІэ зэхуащІыжащ. Абы кьрихьэлІа дэтхэнэм и дежкІи зэхуэсым мыхьэнэшхуэ зэриІэр зэрыпльагъуэ. Дэ псори иджыри зэ дегупсысыжащ нэхъыжьыфІхэр уиІэу дунейм утетыну зэрыфІыгъэшхуэми, апхуэдэуи абыхэм я гур, я псэр тхъумэн папщІэ тІъэкІ ядэгъэнэн зэрыхуэмейми, ди гулъытэр лъагъуныгъэр ахэр сыт щыгъуи зэрыхуэныкъуэми.

ЛЫГУАЩІЭ Сэтэней,
Бахъсэн дэт курыт школ №8-м и еджакІуэ.

Ильэс льандэрэ

● Фэеплъ

«Щыхур дунейм ехьыжами, зыхэтхэм щащымыгъупщэм деж, абы пщІэ иІэу, нэмыс хэлъу, Іуэхуфі и Іэрыкьыу псэуауэ аращ. Апхуэдэущ Анзорей дэт курыт еджапІэ №2-м и егъэджакІуэу, и унафэщІу щыта Табыхъу Хъэзрит дунейм зэрыштетар. ИлъэсыбжьыкІэ зэманкІэ кІэщІыр къыдыдэу егъэджакІуэ Іэкіуэлъакіуэр кьызэрыхтэмышъхьэ, ауэ ар ди гум ихурыкьым. И къалэмыпэм кьыщІэкІа тхылъхэмкІэ, методикэ пособиемкІэ, хъэхэмкІэ программэмкІэ, хэлъа щыхуэгъэ лъагэмрэ гулъытэ иныжмкІэ ар сыт щыгъуи ди гуусэщ».

АПХУЭДЭ псалъэ гуапэхэр я лэжьэгъуу щытам хужаІэ зи цІэ кьитІуа курыт еджапІэм щылажьэхэм.

ЩІэныгъэм, егъэныгъэм зи гъащІэ псор хуэзыгъэпса Табыхъум Іэщіагъэ хуэзэхуэ пасэу иубзыхакІэт. Школым щыщІэс лъэхъэнэм ар щІэхъуэпсырт щІэнлэм щІэныгъэ яриту, игъасэу лэжьэну, апхуэдэ чэнджэщ ящыщ къеуэлІауэ ящІыну. Ар Марият апхуэдэ фІыгъэуэзыхъэ къеуэлІауэ ящІэ хъунущ, гъащІэм зи уиІэ ящыщызыгъуэта куэд абы и гъэсэнхэм яхэтщ. Иригъэджакъэм ящыщу мащІэкъым щІэныгъэ нэхъыщхьэ яззыгъэгъуэтахэри, къулыкьу льагэ зыІыгъэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат, подполковник Хъэцыкіу Лена, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат Малькъэр Марат, нэгъэущІхэри.

ЕгъэджакІуэм и Іэжьыгъэр гугъущ икІи жьауэ щыІэм ипсэ зыпылъ. Сыт хуэдиз Іэзэгъэрэ шыІэныгъэрэ ГъэпІэн хуейуэ ди еджапІэм щыІэ? Апхуэдизкъым. Ди Марият апхуэдизкІуэр. Аращ абы иригъэджэхэри, кьыдэлажьэхэри, адэ-анэхэри кьыщыІэуэрзэщи, пщІэ кьыщІыхуащІыр.

Нэхущыр зыщІыкІ дэтхэнэми кьыбжьиІэфынущ ар зи Іэщіагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, псэ хьэлэл зиІэ, нэмыс зыхэлъ бзылъхугъэ щыпкъэу зэрыщытщІ. Ядэкіи ффІэкІуэну, и пэжыгъэм гукъыдэж кьыпэ ту куэдрэ псэуну дохъуэхъу ди егъэджакІуэм.

КЪУЩЦКЪЭ Лианэ,
Жанхъуэтекъуэ курыт школым и 11-нэ классым и еджакІуэ.

Япэ егъэджакІуэ

Щыхум и гъащІэм увыпІэщхуэ щызыгъуэбдхэм ящыщи ящІыгъэ ІэщІагъэм и Іуэхущіапіэ Іэщіагъэ ІэщІагъэм и Іуэхущіапіэ щІэныгъэрщ, гъэсэныгъэрщ ныбжьыщІэм гъащІэм щыпхъащыпу льагъуэм льабжьэ хуэхъуэр. И Іэщіагъэм и пщІэ кьыдильхэ щуапльыныгъэ нэсу зыхищІэу мэлажьэ Іэзэлыкуэкъуажэ дэт прогимназие №1-м и пэщІэдзэ кІасхэм щезыгъаджэ Бэрэгъун Ариндэ Зубер и цхъур.

ЗЭРЫЦІЫКІУ льандэрэ зыщІэхъуэпс ЕщІагъэм хуеджэну Ариндэ 1990 гъэм щІэтІысхащ Налшык къалэ дэт педучилищэм. Ар кьиухри, Тэрч къалэ дэт 3-нэ школым лэжьэн щыщІидзащ, иужькІэ Нальшык дэт 59-нэ сабий гъэсапІэм, итІанэ 28-нэ курыт еджапІэм щылэжьащ. Кьыхуха Іэщіагъэм нэхъри зригъэужьу, егъэджныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэм сыт щыгъуи щІэгуэр зэрыхилъхьэным пылъу Дзэлыкъуэкъуажэ дэт прогимназием 2000 гъэ льандэрэ щолажьэ. Псори дызэса егъэджэкІэрэ зэрыкъуэкІыжьэ, атІэ дэтхэнэ сабийми бгъэдэль творческэ Іэзагъым зегъэужьыныр зи лЫабжьэ методикэ щхьэхуэкІэ мэлажьэ.

- Дызытетыпхъэу кьытхуагъэуэ мардэхэм зэи арэзы сыкъащІыртэкъым, - жеІэ Ариндэ. - Абы ипкъ иткІэ, программэ щхьэхуэ зэхэсхьэжьауэ сролажьэ. Апхуэдэ методикэм кьыдэкІуэ фІыр ящІэуэ ядыдольагъу сабийхэм. Дзэлыкъуэкъуажэ дэт 1-нэ прогимназием лэжьэн щыщІэздзагъащІэм хуабжьу сфІэгъащІегъэнэт сызыхьэха ныбжьыщІэхэм я зэчичІагъыр, гупсысэкІэ хьэлэмэт яІэу зэрыщытыр. КьызэрыщІэкІамкІэ, абы щылажьхэр зытехьа егъэджакІэщІэм (Занков Л.В. и дидактикэзэхуэкІэр) кьыпэкІуэу арат ныбжьыщІэхэм кьаугъэльагъэу зэфІэкІыр. Хуабжьу сигу ирохь ар. Янэраущ, сабийм щІэныгъэ бгъэдэлъхьэнымкІэ, гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ кьызэрыщыкІуэу ІэмалыфІщ, етІуанэрая, ныбжьыщІэм и творческэ Іэзагъым зрегъужь.

И екъулІэныгъэхэмкІэ, езым и лэжьыгъэ кьызэгъэпэщыкІэмкІэ адрейхэм ядэгуащэу Бэрэгъуныр куэдрэ кьыщопсалъэ районым, республикэм я егъэджакІуэхэм я зэхуэсхэм. Абы и чэнджэщ куэд гъуэзэ яхуэхъуащ кьыдэлажьэ егъэджакІуэхэмэ.

Ариндэ и нэІэ щІэт сабийхэм зэрадэлажьэр псалъэкІэ кьыпхуэмыІуэтэным хуэдизу гъащІэгъэнщ. Зы сабий гулъытэншэ ищІ кьыщІэкІынкъым абы, апхуэдизкІэ дэтхэнэми бгъэдэль лъэкІынныгъэм хуэнабдзэгъубзапльэщи. Ариндэ ныбжьыщІэм хьэл дахэ, щІэныгъэ куу бгъэдилъхьэным и закъуэкъым кьаІэн зыщищІыжьыр, атІэ дзэзыльхэ ельытакІэ дэтхэнэми и зэхэщІыкІыр нэхъ льаГэ хъуауэ, и гупсысэкъэ кьызэриІуэтэн бзэ дахи Іурыльу, класс нэхъыжьхэм кьыщыхуагъэуэ кьаІэнхэм зэрыплъэщын зэфІэкІ иІэу а зэманым ирихьэлІэным йогугъу. Ар нэрылъагъу пщІащІ абы и нэІэ щІэт еджакІуэхэм я екъулІэныгъэхэм. КьащІтэмэ, районым, республикэм цкъуэкІэ зэхьэзэхуэ куэдым илъэс зэхуэмыдэхэм пашэныгъэ кьыщацхащ абы ящІэрджэхэм, псом хуэмыдэу екъулІэныгъэ нэхьыбэ щаІэу жьыпІэ хъунущ творческэ зэфІэкІ щагъэльэгъуэн хуэдэ зэпеуэхэм.

И гъэсэнхэм я екъулІэныгъэхэрщ егъэджакІуэм и гур хэзыгъахьэр, и лэжьыгъэ гуэрыгъэ щыпхъ кьыщызыщІыр. Ахэращ ар нэхъыбжьым тезыгъэгушхэри. Бэрэгъуным и Іуэху зехьэкІэр мыхъ-мытІэу утыку кьырихьащ, абы арэзы техьауащ районым, республикэм егъэджныгъэ Іэнатіэм щыкІэпльыпльу ящІэрыгъуэ. Дерс куэд кьаІуэтэн, ди и урок купщІафІэхэм зыкъэрезыгъэхьэлІэ Іэщіагъэ ІэхэмИ. Бзэрэуныбм и зэфІэкІ щигъэльэгъащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ иратІэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэм. Кьэпщтакъуэхэм ягу кьынэжа урок зэІухат 4-нэ классым адыгэбзэмкІэ щита дерсыр.

Программэм и лейуэ Ариндэ кьызэригъэпэщ класс щІыб лэжьыгъэхэр хуабжьу сэбэп мэхъу щІэблэр кьызыхэкІа льэпкъым хуэфащэу кьэгъэхъунымкІэ, ГъащІэм кьыщІхьэ Іуэхугъуэхэр зэпкърахьыфу есэнымкІэ. Ариндэ зэи блигъэкІыркъым кьэралым щагъэльапІэ махуэщхуэхэм теухуа дерс щхьэхуэгъэр имыту, ди льэпкъым, адыгагъэм ехьэлІа класс щІыб лэжьыгъэхэр иримыгъэкІуэкІыу.

Илъэс 18-м нэблэгъащ Бэрэгъун Ариндэ гурэ псэкІэ кьыхуха ЕщІагъэм зэрыпэрытрэ. И кьалэным щыщу зы мэскъал хуэдизи ззэшымгъэтІыльэкІ егъэджакІуэм и лэжьыгъэм гу кьыльпамытэу кьэнакъым. ЩІэблэр гъэсэным, егъэджэным щиІэ екъулІэныгъэхэм папщІэ абы мызэ-мытІэу кьыхуагъэфащащ ЕгъэджныгъэмкІэ Дзэлыкъуэ район кьудамэм кьыбгъэдэкІ щыІэхь тхылъхэр. 2003 гъэм ар хьэщІэп категорие зиІэ егъэджакІуэ.

Абыхэм нэхъри хъыльэжь кьыщІэкІынщ егъэджакІуэ Іэзэм адэ-анэхэр кьызэрыхуэарэзыр. Я бынхэм сыт и лЫэныкъуэкІи кьахуэсакъ, егъэджакІуэ, гъэсакІуэ кьудей мыхьуу, анэ етІуанэ кьахуэхъу Ариндэ и лэжьыгъэр, Іуэбгъэгъир, гу кьабгъэшр зигу дыхьэ адэ-анэхэм абы фІыщІэ хуащІ, щытхъу псалъэхэр хуэжьэ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Ди Марият

● Гулъытэ

Компютер классыщІэхэр кьызэІуах

Зи узынщагъэм сэкъат иІэ, зыужьныныгъэкІэ адрейхэм кьакІэрыху сабий куэд исщ ди къэралым. Зи бзэкІэ зэрыпсэуфынымрэ 500-м щІигъу апхуэдэ ныбжьыщІэхэм я процент 15-р унэ-интернат хэхаухэм щопсэу, щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ирагъэужьыну. Апхуэдэхэм ящІэ хэха хуащІу. Налшыкрэ Прохладнэ къалэхэмрэ дэт унэ-интернатхэм щыІэ сабийхэм Илъэсыщ1э тыгъэкІэ яхуэгъэщІ КъБР-м Лъжэчэрий гъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэр. А интернатхэм кьыщыІэуахащ техникэ пэрыткІэ кьыізэгъэпщІа классхэр.

КЛАСС кьэс компьютерэ 8 щІэтщ. Аэр Интернетым пыщІащ. Интернатхэм я гъэсэнхэр компьютерымкІэ езыгъэджэну Іэщіагъэлъэхэм папщІэ методикэ литературэ хэхаи щыгъуэщ техникэщІэм. Интернатхэм щагъэувэ компьютерхэр абы щыІэ сабийхэм я узынщагъэмрэ зэфІэкІымрэ хуэщІауэ щытщ. А унэхэм щыпсэу сабийхэм иджы Іэмал яІэщ я ныбжьым ит адрей цІыкІухэми хуэдэу, я щІэныгъэм, зэфІэкІым, кьэухым, гупсысэм нэхьри зегъэужьыныкІэ.

УЭСМЭН Маринэ,
КъБР-м Лъжэчэрий социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

● Абы дегъэпІейтей

Дыкъыздикіымрэ дызыхуэкІуэмрэ

жьытІэгъуэй ауэ» тхыгъэхэр кьиІуэтэжыну? Аэрэ зэрыгъэ бзэр икъуэкІэ дахэщ, цІыху балигъыр щІэпыІэшІэщ, ауэ сабийм кьыхуэмыІуэтэжщ.

Адэжь, Нэгъуэщі лъэпкъэр фІыуэ лъагъуныр хуэдизсэну яужь дитщ еджакІуэхэр. Апхуэдэ Іуэхугъуэ упрыкъэн щхьэкІэ, псом япэ езым и лъэпкъыр фІыуэ ельытагъуэн хуейщ. ІэгъуэщІым пщІэ хуэпщІыжьыпхъэщ. Пщыуэркъ лейзехьэрэ динырыпалажьэ щхьэхуэщІэрэ фІэжьа димыІамэ, хэт Хэкур зыхьумэжкъэ?! Гурыдэу зыхуэІэтыжьмэ, мыхъ умыщІэ зэрахэтар, ауэ абыхэм ящыщу Хэну, нагъэ щхьэкІэ псэр зыпту щытакэрэ куэдщ. Іуэхум зы лъэныкъуэр тедгъалэу бгъэдыхьэныр къэгъэнэн хуейщ. Сабийм лъэпкъым иІа лІыхъужьхьэр, цІыху щэджащэхэр ергъэщІынхъэщ. Абы щхьэкІэ, псом япэрауэ, ар лъэпкъым и тхыдэм, Іуэрыіуатэм, хьыбарыкъэм, уэрэдыжьхэм щытуэзэ щІыпхъэщ.

Совет лъэхьэнэм еджакІуэхэм щапхъэ зытрахьи, зыдэпльеин цІыхухэр щІэзу щытащ, абыхэм ящыщ зыкъом идыкІ мыхьумыщІэу кьыщІарэзадэзыжьу хэтми. Мис апхуэдэу и лъэпкъым щыщ зэрыгушхуэ, зэрыгъуэзэ хъун цІыхухэм я хьыбар зэхахмэ, щІаджькІмэ, цІыху фІыуэ зыльагъу, лъэпкъ псом щІэ яІэу - зыщІащ. Ар ящІ